Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 35 (6615) 27 август 2018 с. Итни ЗулхІижа 1439 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## Баркула Лъаялъул къо

**РакІ-ракІалъ баркула лъайкьеялъул хІалтІухъабазда, цІалдохъабазда, умумузда, киналго районцоязда тІаде щолеб бугеб цІияб 2018 – 2019 цІалул сон.**

Школа ккола инсан куцалеб къебелъилъун, гІолеб гІелалъе лъайги, гІакълуги, тарбияги кьолеб рукълъун, нилъер культураги, мацІги цІунулеб гъаситолъун. ГІагараб Россия, республика, район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетІезабизе ккани хІажалъула лъайги, тІадегІанаб махщелги бугел специалистал. Гьединлъидал гІолеб гІел куцаялъулъ лъайкьеялъ кколеб бакІ цІикІкІараб буго.

Биччанте тІаде щолеб бугеб цІияб цІалул сон нужер щивасе букІине цІия-цІиял гьунаразда лъун, лъикІал ишазда лъун, лъайкьеялъул рахъалъ лъикІал харбаздалъун гьарзаяб ва бечедаблъун букІине.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, талихІ, гьабулеб ишалъулъ икъбал, цІалульги хІалтІульги бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов**

## 31 август – Россиялъул ветеринариял хІалтІухъабазул къо

**Районалъул ветеринарияб управлениялъул хІалтІухъабазда ракІ-ракІалъ баркула тІаде щолеб бугеб Россиялъул ветеринариял хІалтІухъабазул къо.**

Нужер кІудияб хІаракатчилъи буго районалъул экономикаялъул аслияб бутІалъун кколеб, росдал магІишат цебетІезбиялъулъ, гІи-боцІи, гьездаса рахъулел продуктаби гІезариялъулъ, гьезул качество борхизабиялъулъ.

Гьарула нужее сахлъи, рохел, халатаб гІумру, хІалтІулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов**

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦІІУМУР

## 2018 – 2019 цІияб цІалул соналде школал хІадурлъиялъул суал гьоркьоб лъуна

### Бакълъулазул районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи

**22 августалда Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул данделъабазул залалда тІобитІана Бакълъулазул районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьенир гІахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиев, росабазул поселениязул бутІрул, школазул, ясли-ахазул, учреждениязул, гІуцІабазул нухмалъулел.**




Гьоркьоб лъуна 2018-2019 цІалул соналде районалъул лъайкьеялъул учреждениязгьабун бугеб хІадурлъиялъул ва налогал ракІариялъул рахъалъ ругел гІунгутІабазул хІакъалъулъ суалал. ТІоцебесеб суалалда хурхун доклад гьабуна районалъул лъайкьеялъул физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухІамадовас.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас 2018 соналъул 6 августалда бахъараб № 78 буюрухъалда рекъон гІуцІараб комиссиялъ халгьабуна цІияб цІалул соналде школазда, ясли-ахазда гьарурал ремонталъулал хІалтІабазул, гьединго школал терроризмалдаса ва цІа кке-ялдаса цІуниялъе гьарурал тадбиразул, - ян абуна гьес. Абизе бегьула Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул учреждениял тІоцебесеб сентябралда цІалдохъаби къабул гьаризе хІадурун ругин. Баркала загьир гьабуна районалъул лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулезе школал цІияб цІалул соналде хІадурлъиялъе гьабураб лъикІаб хІалтІуе гІоло. Рехсана ремонталъулал ва цогидалги хІалтІабазе харж гьабураб гІарцул къадар.

КІалъазе рахъарал Игьали гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель МуртазагІили ХІажимурадовас, ЧІиркъатІа гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель МухІамад ХІажимурадовас, МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухІамадовалъ, ЦІияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Башир Башировас бицана цІияб цІалул соналде гьабун бугеб хІадурлъиялъул, ЕГЭялъул ккарал хІасилазул, олимпиадабазда цІалдохъабаз рихьизарурал хІасилазул. Рехсана школазда цо-цо цІалул тІахьал гІолел гьечІолъиялъулги.

ХІасилазулаб кІалъай гьабуна райадминистрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас.

Къабул гьабуна гьоркьоб лъураб суалалда хурхун хІукмуги.

КІиабилеб суалалда хурхун кІалъазе вахъарав, районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РуруxІма Халидовас бицана буголъиялъул ва ракьул налогал кьеялъул рахъалъ ругел гІунгутІабазул, 8 моцІалда жаниб гьел ракІариялъул план 50 проценталъ цин тІубан гьечІолъиялъул хІакъалъулъ. Росабазул поселениязул бутІруз ва цогидазги налогал ракІариялъе хехал тадбирал гьаризе ккола, ян абуна гьес.

**ГІайшат Исламбиева**

САПАРАЛЪУЛ ОЧЕРК

## Хъирималъул хъирмал

### Симферополалда буго гІаммаб хоб...

**2018 соналъул 16-20 августалда Хъирималда (Крымалда) тІобитІана Халкъазда гьоркьосеб адабияталъул данделъи. Гьеб бащдаб чІинкІиллъиялда бугеб ахІвал-хІалалъул дагьабго бицен гьабулеб буго гьаб макъалаялда, 2014 соналдаса дунялалъулго кІвар буссараб ва гІемер рехсараб масъа-ла кколелъул. Нилъеда ргІаралдаса батІияб бугищ хІакъикъат? Гьеб суалалъе жаваб кьезе хІаракат бахъулеб буго гьаб макъалаялда. ГІаммго босани, Хъирималъул ракьалда нухал ва бакІал раялъул хІалтІаби тІадран унел руго. Машгьураб Хъирималъул кьоги эхетун буго. Амма лъадал,**

(Ахир - 2 аб. гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Хъиримальул хъирмал
-2 гьум.



Школа - пачалихъ цебетІеялъе кьучІ
- 3 гьум.



20,60 метралъ хеч, 11,76 метралъ ядро ва 29,30 метралъ диск рехиялъе бергьенлъаби росана
-3 гьум.




Хъачагъал нахъчІваралдаса - 19 сон
-4 гьум.

# Хъирималъул хъирмал




**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**

**электроэнергиялъул ва цоги бутIабазул рахъалъ жеги кIудиял захIмалъаби ругоан гьенир. Ралъдахъабилъун ва бакIал ралел чагIилъун хIалтIулел гIезегIан дагъистаниялги, магIарулалги дандчIвана.**

## Сангарал, галанал…

Риидалил заманалда Россиялда гражданиял самолетазул фирмабазул хважаинзабаз гIадамал хIулун рехула. Самолетазул билетазухъ зодобе бахараб багьа чIезабула ва гьеб хIужаялда сверухъ цIех-рехчагIаз, низам цIунулез, монополиялда данде къеркьолез гьабулеб хIалтIи бихьулеб гьечIо. ГIемерал гIадамаз риидал тIаса бищула гьаказул транспорт, автомобиль. Дагъистаналдаса Хъирималде хьвадулел руго кIиго батIияб нухалда автобусал: Дербент – Евпатория ва МахIачхъала – Ялта. «Петербургалдаса Москваялда сапар» абураб асар хъварав Александр Радищевасда бихьарабщинаб мискинлъи ва нахъегIанлъи бихьичIониги, жакъасеб Россиялъул гIолелги гIоларелги рахьал тIатуна нухда.

Самолеталда рекIине кьолелда дандеккун, Дагъистаналдаса Хъималде автобусалъухъ кьолеб 3000 гъурущ гIемер гьечIо. Амма нухда вахъунесда лъазе кколаха къайиялъухъги, квен-тIехалъухъги, хIатта хIажатханалъухъги гьесул гъурщал унеллъи… Кавказ тарабго, квине рекъараб жоги къанагIалъула, парччи бугеб хIажатханги батуларо, гьенибе гьабураб «чабхъадухъ» багьаги 10 гъурущалдаса 15-ялде бахун батула… КвешлъикI, цере къирула гьакал. Ва амма, Шималияб Кавказалъул щибаб республика бахиндал, пачалихъияб гIорхьода рукIунел таможниялги кIочон тарал щулалъаби, постал, чIухьбаял, халгьабиял дандчIвала. Автобусал цIурал гIадамазда гьорлъа гIолохъаби рахьинарула къватIире. Нахъаса къотIичIого, паспортал риччала цо алаталдасан. Цо бугони гIоларищ Шималияб Кавказалда постали лъаларо, щибаб сагIаталдасан гъобго чIухь байбихьула. Герзелалъул пост, Осетиялъул кIиябго гIорхьода кIиго пост, цинги Кабардагун Балкариялда бугеб пост – гьелгощинал сангарал регизе ккола пакъирав нухлулас. Зулмукьалалдаса, терроризмалдаса цIунизеян гьабулеб хIалтIи батила гьеб. Амма цIакъго гIемер ва гIорхъолъа ун бугин ккола. Гьел гьеждакIичIал рарал чагIи хьихьун хутIун буго гIадатияб халкь. Цоги регионазда гьечIо гьедин гIемерал постал, Кавказалда гурони.

Цо посталъул хъаравуласда гьикъана: «Гьадин, боцIи гIадин, гьанир чIаян, дора чIаян абун, экенал гражданал хьинтIизе бегьулищ? Щибаб регион тедал, посталищ хIажалъулел? Нилъ цо пачалихъ гурищ? Европаялда гьедин гьечIо…», – абун тIадеги жубан букIана. Европаялда «хъахIилалги» къануналъ тасдикъ гьарун ругилан абуна хъаравулас. Гьединго абула МахIачхъалаялъул токалъул ва лъадал бутIрузда тарал хъулухъчагIазги: «Ургъел гьабуге, фашистаз сверун ккураб Ленинградалда жеги квеш букIана», – абун. Валлагь, кутакаб юморги бергьарал жавабалги руго.

Гьел автобусалъул бетIергьаби ва гьокочагIи нилъер миллаталъул ратула гIемер. 15 августалда 14.00 МахIачхъалаялдаса къватIибе бахъараб автобус 16 августалда 20.00 щвана Хъималъул бакътIерхьул рагIалдегIан бугеб Саки абураб шагьаралде, 30 сагIат нухдаги бан. Автобусалъул хважаин вугоан магIарул чи. Дагъистаналъул сиясатги гIемер лъикI лъалеб батана гьесда. Доб аваразул халкъияб маргъудулъ гIадин, нух теялъе чанги хабарги бицана нижеца. Гьесул гIагарав гIолохъанчи вуго Севастополалъул флоталда. Рагъулал гумузда чанцIулго Шамалъул рагIалдеги щун вуго гьев. Кьоял, нухал, минаби ва цоги ралел бакIазда хIалтIулел ругин дагъистаниялиланги бицана гьокочи МухIамадица.

## Хъирималъул кьо

ХъахIабросулъа МахIмудил кочIохъего, «Хъирималъул кьодукь хутIанила Россия, кьодул сакги тIун», – гьединаб гIадаб магIнаялъул биценал тIиритIизарун рукIана исана риидал цо-цо улкабазда. Гьокочи МухIамадица абулеб бугоха, цIакъ щулаго бараб кьоги бугила, Украинаялъул цо-цо политиказе бокьухъе, ралъад багъарунилан ва чвахунцIад банилан, гьеб кьо босун унарила, бацIие бокьухъе хIама холарилан. 16 августалъул (хамиз кьоялъул) бакъанида рахана гIемер рехсараб Хъирималъул кьоде. МагIарул шагIирзабаз гIемер хъвана кьоязул хIакъалъулъ. «СиратIалъул кьо» абурабги бахъун букIана тIехь. Хъирималъул кьодул кIалтIа цIидасанги «бартудаса» (автобусалдаса) рещтIинаруна нухлулал. Паспорталги иргадулаб халгьабиялде рачана, гьаб нухалда гьоркьов чиги течIо – я руччаби, я хараби, я лъимал. Гьеб кьоялда ракета речIчIизе кколилан абулел цо-цо американал ва украиналги ругеб мехалда, цIуничIого телищ Россиялъ, миллиардалги хвезарун, бараб гьеб кIодоч!

ЛъикIаланго сураталги рахьана кьодул. Автомобилазул кьоялда аскIосан балеб буго маххул нухлул кьоги. Автомобилазул кьо рагьана Россиялъул бетIер Владимир Путиница исана 15 маялда, жинцаго КамАЗги бачун. Паромалда (гIатIидаб гама гIадаб жоялда) раччулел руго къайи босулел машинаби, гIадамал рекIунеб транспорт гурони, жеги биччалеб гьечIоан Хъирималъул кьодасан.

## Хъирималъул татаразул талихI къосараб къисмат

1944 соналъул 18-20 маялда Хъирималдаса Узбекистаналде, Казахстаналде, Тажикистаналде ва цоги ракьазде гочинабуна нус-нус соназ гьениб гIумру гьабулеб букIараб кьолболаб халкъ – хъирималъул татарал. Совет Союзалъул кIицIулго БахIарчи Амет-Хан Султанил (1920 – 1971 сс.) эбелцин гочинаюлей йикIун, гьесул рагъулал гьудулзабазул кумек щун, хутIун йиго. 1956 соналда тIадруссана гочинарун рукIарал чачанал, ингушал, гъарачаял ва цоги халкъал. Хъирималъул татаразе изну кьечIо Гьоркьохъеб Азиялдаса жидер ватIаналде руссине. СССРалъул генсек Никита Хрущевас Хъирим Украинаялъул ССРалда гьорлъе бачана ва татарал нахъе риччачIо.

Хъирималда ратарал татаразулгун гьарурал накъитаздасан ва цIехрехаздасан якъинлъана гьеб халкъалъул къисмат жакъаги пашманаб букIин. Дунялалдаго рихххун руго гьел. ГIицIго XX гIасруялъул 90-абилел соназда, СССР бихххун хадуб, байбихьун буго татараз ГьоркьохъеБ Азиялдаса жидерго бащдаб чIинкIиллъиялде тIадруссине. Амма, тIадчагIаз гIемерал квекIенал гьариялъ, гIемерал гIадамал гочинаруралъурго хутIун руго. Украинаялда гьорлъ рукIаго, Киевалде ва цоги шагьаразде жалго яшав гьабизе ун руго аза-азар татарал. 2014 соналда Хъирим Россиялда гьорлъе бачиндал, гьел гIадамал тIокIал жидер ватIаналде ричалел гьечIо.

2014 соналдаса Россиялъул цоги регионаздаса гIамадал гIумру гьабизе рахьине лъугьун руго Хъирималде. Гьедин тIаде рачIаразул къадар чанго нусго азарго бугилан абулел цIех-рехчагIиги дандчIвана.

## Хабада эхетун буго чармил танк…

ЦIадаса ХIамзатил Расулил «Россиялъул солдатал» абураб поэмаялда руго гьадинал мухъал:

Симферополалда буго гIаммаб хоб
Анкьго гIурусасул, цо аварасул,
Хабада эхетун буго чармил танк,
Чанги тушманасул бетIер чIинтIараб.

Симферополь ккола Хъирим Республикаялъул тахшагьар. Гьениб



бугеб танкалъе бараб памятникалда цIар хъван буго Совет Союзалъул БахIарчи, КIаратIаса МухIамадзагьид ГIабдулманаповасулги. КIиго миллионалдаса цIикIкIун чияс гIумру гьабулеб буго гIага-шагарго гьеб бащдаб чIинкIиллъиялда. Россиялъул империялъул ва Совет Союзалъул тарихалда жаниб кIицIун сверун ккун букIана Хъирим ва Севастополь шагьар. Гьанжесеб сверун ккей лъабабилеб бугилан абулел чагIиги дандчIвана. 2014 соналда, референдумги гьабун, Россиялда гьорлъе Хъирим бачаралдаса, аинаялъ киналго рахъаздасан гьеб ракъалъе «хIухьел къазе» байбихьана. Днепр гIоралдасан бахъараб каналалъ лъалъалеб букIараб Хъирим, Украинаялъ гьеби къан, хъвархъвалеб хутIана. Нухал къана. Токалъул станцияздасан электроэнергия къотIизабуна. Гьанже дагь-дагькккун Россиялъ гьеб ракьалда гIумру лъикIлъизабиялъе ишал гьарулел руго.

Саки шагьаралда аскIоса гIебеде ругел росабалъа татараз бицана, гьанже лъадал суал бугин цIакъго захIматабилан. Канал хIалтIулеб мехалда, азбаралде биччан букIунаанила лъим. Гьанже ракьуда гьоркьа лъим къабулеб бугила (скважинабазухъа), амма гьедин гьабизегицин гьукъун бугила, гьеб реччел цIунизе кколилан. Кубаналдасан, материкалдасан бачун буго Хъирималде ток. Гьединго бачине хIисабалде босун буго лъимги. ЦIиял нухал гьарулел руго киса-кире-го, бухъ-бухъун бан буго гьеб бащдаб чIинкIиллъи.

## Миллияб лъабго телеканал

Дагъистаналда тIоцебе басмаялда тIахьал къабизе байбихьарав МухIамад-Мирза Мавраевасул биографиялда хъван буго басмаханаялъул алат, печаталъул станок гьес Хъирималдаса босанилан. XX гIасруялъул авалалда Мавраевас бергьун кIудияб хIалтIи гьабуна Дагъистаналъул адабият ва маданият церетIезериялъе. Гьесие кумекалъе батун буго Хъирималъул халкъалъул печаталъул тIагIел. Жакъа Хъирималъул татарал тIалъиялда дагь гурони гьечIилан бицуна гьезул вакилзабаз. Низам цIунулел идарабазда, диваназдва ва цоги пачалихъиял хъулухъазда къанагIат гурони ратулел гьечIо татарал. 2014 соналде щвезегIан,10-15 татаразул миллияб школа рагьун буго, 2014 соналдаса цониги рагьизе течIилан бицана гьезул хIаракатчагIаз. ГIадатиял школазда кьолел руго гIурус, украиналъул, татар ва ингилис мацIал. Амма татар мацI малъиялъул даражаялдаса рази гьечIоан чангиял. «Ассаламу гIалайкум!», – илан абизе гурони малъуларила татар мацIалъул дарсазда ва хас гьарурал татар школаздаян абулелги ругоан.

2014 соналде щвезегIан немцал, полякал ва цоги Европаялъул улкабаздаса гIадамал гIемер рачIунел рукIун руго Хъирималде хIалхьи гьабизе ва сахлъи тIалаб гьабун. Хъирималда руго даруял лъим, цIам, хIарщ. Хъирималда буго Александр Пушкиница поэмаялда хъвараб Бахчисараялъул фонтан. Хъирималда, Ялта шагьаралда, 1945 соналда фашизмаялда данде къеркьолел пачалихъазул бутIруз къотIи-къаял гьаруна рагъда хадусеб дунялалъул хIакъалъулъ.

**(Ахир - 3 аб. гьумер)**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Школа - пачалихъ цебетIеялъе кьучI

### Бакълъулазул районалда гьоркьоб лъуна школал цIияб цIалул соналде хIадуриялъул суал

**20 августалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиялда гьоркьоб лъуна цIияб цIалул соналде лъайкьеялъул учреждениязул хIадурлъиялъулал ва цогидалги кIвар бугел суалал. Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул вакилзабаз. Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.**



Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас бицана цIияб цIалул соналде школаз гьабун бугеб хIадурлъиялъул. 2018-2019 цIалул соналде гьабулеб хIадурлъи рагIалде бахъунеб буго – ян абуна гьес. ХIадурун руго информационниялгун методическиял планал, районалъул учительзабазаби ана лъай борхизабиялъул курсазде, лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулезул лъайкьеялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи тIобитIана– ян абуна Рамазан МухIамадовас.

«Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас бицана районалъул централъул цо участкалда трансформатор хисиялъул ва халкъалъе гIураб къадаралда лъим букIинаби мурадалда гьарурал хIалтIабазул.

Данделъиялъул хIасилал гьарун «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас учреждениязул вакилзабазе данд рекъон кколел тIад къоял кьуна.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ТАРИХ

## МустахIикъав вугищ дун дур цIаралъе, ЦIадулъ парпадулеб дур байрахъалъе...

### Россиялъул байрахъалъул къоялъул хIурматалда

**22 августалда, Россиялъул байрахъалъул къоялъул хIурматалда, Россиялъул халкъазул маданияталъул залалда, культураялъул отделалъул хIалтIухъабаз тадбир тIобитIана. Гьеб рагьана ва бачана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет централъул методист Рапият УхIумагIалиевалъ.**

«Гумбет район муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул ва жиндирго рахъалдасан тадбиралда гIахьаллъаразда культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас баркана Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрахъалъул къо ва бицана пачалихъияб байрахъалъул хIакъалъулъ.

Хадуб, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул коллективалъ ахIана кучIдул.

**ГIайшат Исламбиева**

## Хъирималъул хъирмал

**(Байбихьи- 2 аб. гьумер)** Хъирим фашистаздаса эркен гьабулаго, араб бакI лъачIого тIагIана ЦIадаса ХIамзатилвас Ахилчи. Хъирим буго ра-Тобе абураб щулалъи цересел греказул хъала букIанилан. Гьенибеги сапар бухьине рес щвана. ЦIакъ чIахIиял ганчIаз бараб щулалъи бугоан.



кIудияб стратегиялъул кIвараралъул, некIсияб тарихалъул ракь. Щибаб къойил гьенир зодор роржанхъулел рукIуна рагъулал самолетал, Севастополалда буго Россиялъул ЧIергIерралъдал флот. БакътIерхьул улкабаз санкциял лъеялъ, чанги захIмалъабиги руго хъирималъулазе. Амма Сахалиналдаса, Якутиялдаса гIунтIун, туристал рачIунел руго гьенире. Туризмалъ, бича-хисиялъ хьихьун гIемерисеб халкъги буго.

Цебесеб эраялдаго некIсиял греказул шагьарал рукIана Хъирималда. Археологаз чIезабулеб буго Саки абураб шагьаралда аскIоб бугеб Хъирималъул татаразул мацIалда чIечIого хIалтIулеб лъабго телеканал бугилан бицана. МагIарулазул жеги гьелде иш щун гьечIо. Гьел телеканалал рагьарав, мажгитазе квербакъарав, жиндир халкъалъул маданият цебетIезабиялъе сурсатал риччарав чи Бутыркаялда вугин чанго моцIалъ жанив тIамуниланги баян кьуна.

Бигьаяб заман батиларо нилъ жанир ругеб гIасру. 1937 сон жеги захIматаб букIун батила. Аллагьас лъикIаб бихьизе хъван батаги ва нухал ритIаги.

**ГIизудинил ХIамзат,
Дагъистан - Хъирим**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ...

## 20,60 метралъ хеч, 11,76 метралъ ядро ва 29,30 метралъ диск рехиялъе бергьенлъаби росана

### Ветеран Гъайирбег АсхIабгIалиевасе 3 гIарцул медаль щвана

**3-5 августалда Москваялда тIобитIана ветераназда гьоркьоб иргадулаб 28 тIадагьаб атлетикаялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат. Дагъистаналъул тIаса бищараб командаялда гъорлъ гьеб чемпионаталда гIахьаллъарав Бакълъулазул районалъул ЧIикь росдал аслияб школалъул физкультураялъул учитель Гъайирбег ГIалиасхIабовас босана лъабго гIарцул медаль: 20,60 метралъ хеч, 11,76 метралъ ядро ва 29,30 метралъ диск рехиялъе.**



«Щварал хIасилал – гьел ккола тIадагьаб атлетикаялде бугеб рокьи, сахаб гIумру букIинабиялъе нужеца гьабулеб хъулухъ. Нужер бергьенлъабаз бицуна районалда гIемер къадаралъулаб спорт цо бакIалда чIун гьечIолъи. РакI чIола хадурккунги нилъ бергьенлъабаз рохизаризе рукIиналда», - ян абуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ...

## Бакълъулазул районалдаса гIолохъанав речIчIухъанас Россия – США дандчIваялда бергьенлъи босана

**«МССУОР № 1» ГБПОУялъул ракьалда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул ва США ялъул тIаса бищараб гIолилазул командабазда гьоркьоб бергьенлъи босана Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъа ДЮСШялъул цIалдохъан Набигула Астимировас.**



Россиялъул гIолилазул рахъалъ бетIерав тренер Анзор Темботовасул нухмалъиялда гьоркь Россиялъулаз ракIчIараб бергьенлъи босулеб буго. ГIолохъанал спортсменазул рахъккуна Россиялъул Федерациялъул Герой, советияв ва россиялъулав авиатор Николай Гавриловас, машгьурал спортсменал – Олимпиялъул хIаязул призерал, Дунялалъул ва Европаялъул чемпионатал – Арсен Фадзаевас, Сергей Цвир, ХIажимурад МухIамадовас, Ислам-Бек Альбиевас, МухIамад Абушевас, Сергей Корнилаевас, АхIмад Атавовас, Давид Мусульбес.

«Гьадинал дандчIваял тIоритIиялъ квербакъи гьабула эркенаб гугари цебетIезабизе, тренеразул, спортсменазул хIалбихьи цоцахъе кьезе, гьудуллъиялъулал спорталъулал бухьенал щула гьаризе, - ян абуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

## «МугIрузул лъимал»

**14-15 августалда Болъихъ районалда тIобитIараб абураб гIолилазул форумалда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул гIолилазул рахъалъ ведущий специалист «Патриоты» Ассоциациялъул мугIрузул территориалияб округалда куратор Заур Халидов ва районалъул росабалъа анкьго активист.**



**«Гумбет» РИО**

КО ДНЮ ЗНАНИЯ

# Образование и наука - локомотивы истории

### 1 сентября – всенародный праздник

**Дорогие учащиеся, учителя, родители!**

**От всей души поздравляю всех с прекрасным праздником - Днем знаний! Первое сентября - особый праздник, близкий каждому. Этот праздник - первый шаг в удивительный мир, дарящий радость познания!**

1 сентября - это поистине всенародный праздник и долгожданная встреча с друзьями, учителями и учениками, а также новый этап для учителей в важной работе, от которой зависит будущее каждого гражданина, нашего района, республики, страны в целом. Ведь в современном мире только образованные и активные люди добиваются успехов и признания. Нет ни одной сферы жизни, где не были бы востребованы глубокие профессиональные знания. Поздравляю педагогов, учеников и их родителей с этим замечательным праздником - Днем знаний! Желаю удачи, терпения, радости и много интересных событий, новых друзей и удивительных открытий в новом учебном году!

До начала празднования «Дня знаний» и посвященных к этому дню мероприятий остались считанные дни. Во всех школах района запланированы и будут проведены мероприятия, посвященные к началу нового 2018-2019 учебного года.

Для обеспечения общественного порядка и общественной безопасности на объектах образовательной сферы будут задействованы - 53 сотрудника ОМВД.

Издан приказ начальника ОМВД №104 от 10.08.2018 г., составлен расчет сил и средств, составлен план проведения мероприятий, утвержден состав временного оперативного штаба и рабочей группы.

Службой УУП и ПДН проверены все школы расположенные на обслуживаемой территории на предмет технической укрепленности, антитеррористической и пожарной безопасности по которым даны предписания на устранение выявленных недостатков, также составлены списки учителей, технических работников и других рабочих производивших ремонтные работы и проверены все по оперативно-справочным учетам.

С территории школ убран автотранспорт и даны указания дирекции школ о недопущении нахождения на территории школ автотранспорта и другой техники.

Во всех населенных пунктах силами УУП и ПДН, УР проведен подворный обход близлежащих к школам домовладений и учреждений на предмет обнаружения незнакомых лиц, незаконно проживающих и вновь прибывших граждан, а также в целях получения упреждающей оперативной информации о лицах имеющих намерения совершать противоправные действия в том числе экстремистской направленности. Доверенные лица нацелены на получение информации о появлении возле образовательных учреждений подозрительных лиц и завозе ими подозрительных предметов.

На КЗП «Чирката» усилен смотровой режим в целях недопущения провоза оружия и ВВ и ВУ, согласно утвержденному графику ночное патрулирование ППСП приближено к образовательным и дошкольным учреждениям.

С подучетными состоящими на профилактических учетах в ОМВД проведена беседа с посещением на дому, а также проверка детей школьного возраста к началу нового учебного года.

**Стоить обратить внимание!**

Терроризм может ворваться в каждый дом, принести неисчислимые страдания в каждую семью, выбрать себе в жертву каждого. Только сообща мы сможем бороться с ним и победить.

В случае обнаружения бесхозных вещей и предметов, вызывающих подозрение, не прикасайтесь к ним, воздержитесь от использования мобильных телефонов вблизи данного предмета. Сообщите о находке в Д/Ч не приближайтесь к подозрительным предметам, которые могут оказаться взрывными устройствами, и не предпринимайте никаких действий с ними - это может привести к их взрыву, многочисленным жертвам и разрушениям;

террористы скрывают взрывные устройства под видом обычных бытовых предметов: сумок, пакетов, свертков, коробок, игрушек и т.п.;

В случае обнаружения незнакомых и подозрительных лиц около подвалов, подсобных помещений, складов, сдаваемых или снимаемых квартир, уведомляйте об этом правоохранительные органы.

Если вы располагаете информацией о планируемых терактах, наличии у граждан взрывчатых веществ, оружия и других запрещенных предметов, просим незамедлительно сообщать в Д/Ч.

Запомните: Ваша информация может спасти жизни ваших родных и близких, соседей, друзей, знакомых.

Каждое ваше сообщение будет незамедлительно и тщательно проверено. ОМВД России по Гумбетовскому району гарантирует каждому сообщившему о подозрительных фактах полную анонимность и конфиденциальность.

**Телефоны «горячей линии» ОМВД РФ по Гумбетовскому району:**

**-Д/Ч -(8 928-958-08-71)**

**26-204**

**Телефон доверия «горячей линии» МВД России: (8722) 98-48-48**

**Шамиль Мажидов,**
**врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району, майор полиции**

# Хъачагъал нахъчIваралдаса - 19 сон

**18 августалда Хасавюрт шагьаралда ва Казбек районалда гьоркьоб бугеб Архъабашалда тIобитIана, халкъазда гьоркьосел хъачагъаз Дагъистаналде гьужум гьабуралдаса ва гьел нахъе рачахъаралдаса 19 сон тIубаялда хурхун тадбир. Цогидал мугIрузул ва гIодоблъиялъул районазго гIадин, гьениб гIа-хьаллъи гьабуна бетIералда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевгун, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, культураялъул отделалъул хIалтIухъабаз.** Ниж тIаде щвелелде Казбекалъулаз хIадурараб повильон гIуцIа-къан къачIана. Гьенир лъуна ичичIалисезул пахьул къебедаз квераз гьарурал алатал ва умумузул заманалда гьарулел рукIарал кванил нигIматазул цо-цо бутIаби.




Гьенир гIахьаллъаразда цере концерталъулаб программагун рахъана Бакълъулазул районалъул гIадатияб маданияталъул централъул гIахьалчагIи.

Балагьарал рази хутIана бакълъулаз гьениб гьабураб гIахьаллъиялдаса.

**Набигула АхIмадибиров,**
**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъулцентралъул нухмалъулев**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# КIвахI, свак гьечIого хIалтIана

### Басрияб хабалалъе нух къачIана

**15 августалда ЧIиркъатIа росулъ басрияб хабалалъе бугеб нух къачIазе гвай гьабуна. Гьеб гIуцIана ва хIажатабщиналдалъун хьезабуна МухтарахIмад Муртазаевас, гьесул гьудул-гьалма-гълъиялъ ва гIагарлъиялъ.**

Абизе ккола, гьаб ахираб заманалда нижер росулъ гIемер гьарулел ругин, гIицIго цо-цо гIадамазул хIаракаталдалъун тIоритIулел, гьединал пайдаял лъикIал ишал, аслияб къагIидаялда росдал нухал къачIаялъулъ, лъим бачиналъулъ ва гь. ц.

Басрияб хабалалъе бугеб нух къачIазе гьабураб гвавулъ гIахьаллъи гьабуна 35-40 чияс. ХIалтIулезухъ балагьидал кколаан гьаниб батилин яхIалъулги къо хIехьеялъулги иццан, цоясдаса цояв лебалго, квахI-свак гьечIого хIалтIана. РехсечIого гIоларо щибаб лъикIаб ишалъулъа камуларел: магъилъе рахъарал рахъизеги, лъараца хвезабун щинахъе росдал бетIераб рахъ къачIазеги, Гьакъуриб кIкIалахъ лъугьун бугеб донкIнибе чвахулеб лъим бегизе унезда, нухал-кьоял гьарулел бакIазда гъорлъа камуларел цо-цоязул цIарал. Гьел ккола ХIайбула МухIамадов, Дарбищ ГIабдулаев, МухIамадхIабиб ГIалиев, ГIабдулхIамид ТIагьиров, Лабазандибир, Султанбег, ГIабдулхIамид МухIамадкамилов, МуртазагIали Насибов.

ГIолохъанаб гIелалъги нух къачIалеб гвавулъ бихьизабуна жигарчилъи. Свак гьечIого хIалтIана ГIали ГIабдулвахIидов, МухIамад ПирмухIамадов, ХIамзат Шарапудинов. «Муравей» мотоциклазда къоялъ хьил баччана АхIмад МухIамадрасуловас, ГIумар МухIуевас, Маккашарип ГIабдулкаримовас ва гь. ц.

Азарабго баркала буго гьеб гвавулъ гIахьаллъарал щиназе. Киналго сахлъиялда ва рохалида хутIайги.

**МухIамад Муртазаев,**
**ЧIиркъатIа росу**

ЗИГАРАБИ

**Бакълъулазул районалъул нухмалъулез, районалъул администрациялъул отделаз, «Гумбет» басмаялъул редакциялъ кIудияб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ХIамзат Жамалудиновасда ва ТIалхIат Жамалудиновасда, яц къадаралде щвеялда бан. Хваралъе ахират лъикIаб насиблъаги, нахъе ругезе гIумруги кьеги.**

**Бакълъулазул ракьалъул нухмалъулез, районалъул администрациялъ, отделаз, лъай кьеялъул хIаракатчагIаз, мугIалимзабаз, «Гумбет» басмаялъул редакциялъ ракI-ракIалъулаб зигара балеб буго ГIалихан Бегаевасда, хъизан Кайпазат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Аллагьас гьей алжан тIадай лагълъун гьаеги, нахъе ругезе сахлъиги кьеги.**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.